



Olga Hugelmeyer

Superintendent of Schools

12 Daout 2020

Mwen espere ke lèt sa jwenn ou ak fanmi ou byen. Nou pran angajman pou yon gro ouvèti vityèl pou 11 septanm 2020. Konsèy Edikasyon nou an te apwouve aplikasyon pou sibvansyon federal CARES Emergency Relief Act Grant finansman pou yon montan \$1,977,326 ak Digital Divide finansman pou yon montan \$2,640,432 pou yon total konbine de \$4,617,758 pou sipòte plis pase 7,000 aparèy pou tout profesè ak elèv klas, Preskolè Jadendanfan, Premye ak Dezyèm nan chak lekòl. Anplis de sa, finansman federal la kouvri pri pou koneksyon entènèt pou ane lekòl 2020-2021.

Divizyon Teknoloji Enfòmatrik nou an deja prepare odinatè pòtab elèv pa telechaje tout nouvo lojisyèl dijital pou distribiye a fanmi timoun nou yo nan klas Preskolè, Jadendanfan, Premye, Dezyèm ak Twazyèm ane. Paran yo ap resevwa yon apèl telefonik kap soti nan Divizyon Teknoloji Enfòmatrik nou yo avèk yon dat randevou ak lè pou ranmase aparèy pòtab la. Paran yo pral kapab ranmase odinatè pòtab avèk kontak minimòm e san okenn aksè a lekòl nou yo. Tanpri sonje pou mete mask nan figi ou epi fè egzèsis apwopriye distans sosyal lè w rive

Dat Distribisyon	Lekòl	Klas
August 10-August 14	School 1, 2 & 9	K,1,2
August 17-August 21	School 1, 2 & 9	PK, 3
August 17-August 21	School 4,5,6,7,8,12,13	PK, K,1,2,3
August 24-August 28	School 14,15,16,18,19,20,21	PK, K,1,2,3
August 31- September 4	School 22,23,25,26,27,28,29,30	PK, K,1,2,3

Lekòl Piblik Elizabeth yo ap ogmante tou sipò teknik pou fanmi ak elèv yo. Si w gen problèm teknik ak odinatè pòtab EPS ou oswa ou gen yon problèm ak koneksyon entènèt, ou ka kontakte Liy Dirèk Sipò Teknoloji nou an nan 908-436-5065. Ou kapab tou voye yon Tikè problèm pa branche nan kourye elektronik lekòl pitit ou a ak modpas nan <https://support.epsnj.org/>. Paran yo pral lè sa, jwenn yon randevou, si sa nesesè pou sèvis nan Sant Èd Gichè Chofè nou an.

Sensèman,

Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

Office of the Superintendent of Schools